

[◀Atik
anvan-an](#)[Gid jénéral-la](#)[Atik▶
apré-a](#)

KATRIYÈM PATI

Priyè krétyin-an

DÉZIÈM SÉKSION

Priyè Granmèt-la : « Papa-nou ! »

Louanj (Doksoloji) final-la

2855 Louanj final-la « Paské sé ou minm sèl ki roua, sé ou minm ki gin tout pouvoua, sé ou sèl ki mérité konpliman » (« Paské sé pou ou ringn-nan yé, épi pouvoua-a, épi gloua-a »), réprann palintèmèdiè yon inkluzion toua prémié démann nou fe Papa nou-an : glorifikasyon Non-l nan, Avènman Rouayòm li-an épi puisans volonté-l k-ap sové nou-an. Min répriz sa-a fêt nan li anba fòm adorasion ak aksion-d-gras, tankou nan litiji sièl-la (cf. Ap 1, 6 ; 4, 11 ; 5, 13). Chèf tè sa-a, antan l-ap bay manti, té vlé bay pròp tèt-li toua tit sa-yo kondision roua, puisans épi gloua (cf. Lc 4, 5-6) ; Kris Granmèt-la rapotè yo bay Papa-l ak Papa-nou, joustan li rinmèt Rouayòm-nan nan min-l, lè mistè sové-a fîn réalisé définitvman épi Bondié ap tout bagay nan tout moun (cf. 1 Co 15, 24-28).

2856 « Min lè priyè-a fini, ou di : “Amèn”, palintèmèdiè Amèn sa-a, ki vlé di “sé pou sa fêt” (cf. Lc 1, 38) ou signin tout sa ki anndan priyè sa-a Bondié transmèt nou-an » (S. Cyrille de Jérusalem, catech. myst. 5, 18 : PG 33, 1124A).

RÉZIMÉ

2857 *Nan priyè « Papa-nou »-an, toua prémié démann-yo vizé kòm objéktif gloua Papa-a : respè (sanktifikasyon) Non-l, Avènman Rouayòm-nan épi akonplisman volonté Bondié-a. Rès kat-yo prezanté-l sa nou bbezouin : démann sa-yo gin rapò ak lavi-nou pou nouri-l oubyin pou géri-l sot anba péché épi yo gin pou ouè ak konba n-ap minnin pou viktoua Byin-an sou Mal-la.*

- 2858 *Antan nou mandé : « Sé pou yo réspékté Non-ou » nou antré nan projè Bondié-a, sanktifikasian Non-l nan – sa-l té révélé Moyiz-la, épi apré nan Jézu – n-ap fè-l épi l-ap fèt nan nou, minm jan tou nan tout nasion épi nan chak moun.*
- 2859 *Ak dézièm démann-nan, l'Égliz-la vizé sitou rétou Kris-la épi Avènman final Rouayòm Bondié-a. L-ap priyé tou pou Rouayòm Bondié-a grandi nan lavi nou « jodi-a ».*
- 2860 *Nan touazièm démann-nan, n-ap priyé Papa-nou pou-l fè volonté-nou fè youn ak volonté Ptit li-a pou réalizasian projè sové-a nan lavi moun sou tè-a.*
- 2861 *Nan katriyèm déman-nan, antan nou di « Ba nou », ansanm ak tout frè nou-yo, n-ap eksprimé konfians nou ginyin tankou Ptit nan Papa-nou ki nan sièl-la. « Pin nou »-an indiké manjé sou tè-a ki nésésè pou soutni égzistans tout moun épitou sa vlé di Pin lavi-a : Paròl Bondié-a ak kò Kris-la. Yo résévoua-l nan « Jodi » Bondié-a, kòm nouritu ki vrèman indispanab-la, ki soutni égzistans-la (dépi anlè) nan Résépsion Rouayòm-nan, sa Ékaristi-a antisipé-a.*
- 2862 *Sinkièm démann-nan mandé mizérikòd Bondié-a pou péché nou-yo, mizérikòd sa-a pap kapab antré nan kè-nou si nou pa aprann padoné ènmi nou-yo dapré égzanz Kris-la épi ak sékou-li.*
- 2863 *Lè nou di « Pa kité nou pran nan pièj », n-ap mandé Bondié pou-l pa pèmèt nou avansé sou chémin k-ap minnin nan péché-a. Démann sa-a ap sipliyé pou Espri disènman ak fòs-la ; l-ap mandé lagras vijilans-la ak pèsévrans final-la.*
- 2864 *Nan dènié démann-nan, « Min délivré nou ak sa ki Mal », krétyin-an ap priyé Bondié ansanm ak l'Égliz-la pou viktoua Kris-la manifésté, sa-l déjà ranpôté sou « chèf tè sa-a », sou Satan, anj ki opozé pèsonèlman kont Bondié ak projè sové nou-an.*
- 2865 *Palintèmèdiè « Amèn » final-la, nou eksprimé « Fiat »-nou osijè sèt démann-yo : « Sé pou sa fèt konsa... ».*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik►
apré-a](#)